दिन–रविवार दिनांक–05.10.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

निर्वाचन आयोग बिहार मे स्वतंत्र निष्पक्ष आ शांतिपूर्ण विधानसभा चुनावक लेल आइ राजधानी पटना में पुलिस अधिकारी, केन्द्रीय पुलिस बल आ वरिष्ठ प्रशासनिक अधिकारी लोकनिक संग बैसक कयलक। मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार कालाधन, शराब आ नशीला पदार्थक मुद्दा पर चर्चा कयलनि। बैसक में आयकर, विभाग प्रवर्तन निदेशालय, सीमा शुल्क, स्वापक नियंत्रण ब्यूरो, बैंक, रेलवे आ आन एजेंसी सभक अधिकारी सभ सम्मिलित भेलाह। मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार के संग चुनाव आयुक्त सुखवीर सिंह संधू आ डॉक्टर विवेक जोशी सेहो बैसक मे सम्मिलित छलाह। निर्वाचन आयोग सुरक्षा, कानून व्यवस्था के पहलू आ अंतर्राष्ट्रीय सीमा पर सुरक्षाक अतिरिक्त राज्य पुलिस आ केन्द्रीय सशस्त्र अर्धसैनिक बलक नोडल अधिकारी सभक संग राज्य मे समन्वयक सेहो आकलन कयलक।

---

मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार आगामी विधानसभा चुनाव सँ पहिने मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण के समय पर आ सटीकता सँ पूरा करबाक लेल बिहारक नब्बे हजार सँ बेसी बूथ स्तरीय अधिकारी सभक सराहना कयलनि। मुख्य निर्वाचन आयुक्त ई स्पष्ट कयलनि जे लोक प्रतिनिधित्व कानून उन्नैस सय पचास, आधार कानून आ सुप्रीम कोर्टक कतेको दिशा–निर्देशक अंतर्गत आधार कार्ड के नागरिकताक प्रमाण पत्र नहि मानल जा सकैत अछि। श्री कुमार कहलनि जे लोक प्रतिनिधि कानूनक हिसाब सँ एसआईआर प्रत्येक चुनाव सँ पहिने करायब अनिवार्य अछि। ओ सेहो कहलनि जे अंतिम मतदाता सूची पर दावा आपत्ति एखनहुं कयल जा सकैत अछि।

---

भवन निर्माण विभाग मंत्री अशोक चौधरी कहलनि जे हुनक पार्टी आ भाजपा चुनाव आयोग के दू या एक चरण मे मतदान संपन्न करेबाक आग्रह कयलक अछि। श्री चौधरी आइ पटना मे संवाददाता सभ सँ गपशप मे कहलनि जे एनडीए चुनावक लेल पूरा तरहें तैयार अछि।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ राजगीर स्थित राज्य खेल अकादमी मे आयोजित समारोह मे मेडल लाओ नोकरी पाओ योजनाक अंतर्गत प्रदेशक सत्तासी उत्कृष्ट खेलाड़ी सभ के नियुक्ति पत्र प्रदान कयलनि। एकर संगहि ओ बिहार राज्य खेल सम्मान योजना सँ सम्मानित आठ सय बारह खेलाड़ी सभक मध्य सात करोड़ तैंतालीस लाख टाकाक सम्मान राशि वितरित कयलनि। श्री कुमार राजगीर मे क्रिकेट स्टेडियमक पवेलियन आ क्रिकेट ग्राउंडक सेहो लोकार्पण कयलनि। एहि अवसर पर राज्य मंत्रिमंडलक कतेको सदस्य आ जनप्रतिनिधि उपस्थित छलाह।

———————————————————————————

राज्य मे लगातार भऽ रहल वर्षा सँ जनजीवन प्रभावित भेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान सुपौल, सीतामढ़ी आ पश्चिम चंपारण जिलाक किछु स्थान पर अत्यधिक भारी वर्षा दर्ज कयल गेल। ओतहि, पटना, खगड़िया, दरभंगा, किशनगंज आ भागलपुर जिला में हल्का सँ मध्यम स्तरक वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार सुपौलक सरायगढ़ भपटियाही मे सभ सँ बेसी तीन सय पचासी मिलीमीटर वर्षा दर्ज कयल गेल। ओतहि, सोनवर्षा मे तीन सय एकहत्तरि, चनपटिया में तीन सय एकसठि, शिवहर मे दू सय चौरानवे आ मधुबनी मे दू सय नओ दशमलव आठ मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। विभाग जनौलक जे उत्तर बिहार आ लऽग पासक इलाका पर बनल निम्न दबावक क्षेत्र कमजोर भऽ गेल अछि। यद्यपि एकर प्रभाव सँ अगिला किछु दिन धरि राज्यक अनेक भाग मे हल्का वर्षा भऽ सकैत अछि। मौसम विभागक अनुसार राज्यक पूर्वी भागक जिलाक किछु स्थान सभ पर वज्रपातक संग तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ हवा चलि सकैत अछि।

———————————————————————————

देश मे पछिला छओ वर्ष मे लगभग सत्रह करोड़ नोकरी सृजित भेल अछि। श्रम आ रोजगार मंत्रालयक आंकड़ाक अनुसार देश मे वर्ष दू हजार सत्रह अठारह मे सैंतालीस करोड़ पचास लाख रोजगार सृजन भेल छल जे वर्ष दू हजार तेईस–चौबीस मे बढि कऽ चौंसठि करोड़ तैंतीस लाख भऽ गेल। एकर अतिरिक्त बेरोजगारी दर वर्ष दू हजार सत्रह–अठारह मे छओ प्रतिशत सँ घटि कऽ तीन दशमलव दू प्रतिशत भऽ गेल अछि। एहि अवधि मे युवा बेराजगारी दर सेहो सत्रह दशमलव आठ प्रतिशत सँ घटि कऽ दस दशमलव दू प्रतिशत भऽ

गेल अछि। एहि मध्य महिला लोकनिक कार्यबल मे सेहो वृद्धि भेल अछि आ पछिला सात वर्ष मे एक करोड़ छप्पन लाख सँ बेसी महिला सभ विभिन्न क्षेत्र सँ जुड़ल छथि।

———————————————————————————

समाप्त